



Seri Kwechidzitiro Chenguva

William Marrion Branham

Seri Kwechidzitiro Chenguva

Mamwe mangwanani ndivete pamubhedha wangu. Uye ndakanga...ndakakotsira, zvino ndakarota Joseph achirwara, uye ndanga ndamusumudza kuti ndimunamatire. Zvino pandakapepuka, zvakandikanganisa chaizvo. Ndikati, “Zvisinei, zvichida Joseph acharwara.”

Uye ndakatarisa, ndikaona kufamba pamberi pangu, kunge, mumvuri mutema, ndingati uine ruvara rwakatsvukuruka. Uye wairatidzika kunge ini. Zvino ndakautarisa. Uye kumashure kwawo kwaiteera Mumwe aiva noruvara ruchena, Uye uyu aiva Iye. Ndakatarisa mudzimai wangu, kuti ndione kana akanga apepuka, kuti ndimuratidze, aone chiratidzo. Asi akanga akakotsira.

Ndakati, “Oo-o, ndinourombo, Ishe. Asi, ndihwo hwanga huri upenyu hwangu, Mainditinha kune chose chandakaita. Paitika chinhu pose, ndaifunga kuti ndiMi maizviita. Zvino ndava kuona kuti ndiSatani aiedza kundidzivisa.” Ndakati, “Dai Mangonditungamirira.” Uye ndakatarisa, ndikaona chiso chakanakisisa chandati ndamboona chomunhurume. Anga ari mberi kwangu, akatarisa shure. Akasimudza ruoko rwaKe akabata rwangu, uye ndokutanga kufamba achienda *uku*. Chiratidzo ndokubva chaguma. Musi weSvondo yapfuura mangwanani. Ndaka, ndakamuka rungwana-ngwana. Chiratidzo ichi, ndechomusi, woMugovera. Pa...

Ndaigara ndichinetsekana, ndaigara ndichifunga nezvokufa. Ndichiti, ini ndava namakore makumi mashanu, asi, nguva yangu haisati...handifungi kuti ndichine nguva yakareba. Uye ndaiedza kufunga kuti ndinenge ndakaita sei mumutumbi weshoko, mutumbi wokudenga. “Ndizvo here kuti ndinenge ndichikwanisa kuona shamwari dzangu

dzinodikanwa uye, ngatiti anenge ari kamhute kari kupfuura, uye ndoti, 'Heyo Hama Neville iri kupfuura,' zvichida, havakwanisi kuti, 'Kwaziwai, Hama Branham?' Zvino kana Jesu azouya, ndozova munhu zvakare." Ndakafunga nezvazvo kazhinji.

Ndakanga ndichirota kuti ndaiva kuMadokero. Uye ndaifamba ndichipfuura nomuswa, uye mudzimai wangu aiva neni, uye tanga tabva kuraura hove dzetrauti. Uye ndakamira ndi—ndikavhura ghedhi. Uye matenga akanga akanaka kwazvo. Akanga asingaratidziki sezvaanoita mumupata muno. Akanga ari bhuru-u, uye namakore machena akanaka. Zvino ndakati kumudzimai wangu, ndakati, "Taifanira kunge takauya kuno, kare kare, mudiwa." Iye akati, "Nokuda kwavana, asi taifanira kunge takauya, Billy." Ndikati, "Ndizvo..." Zvino ndakapepuka.

Ndikafunga kuti, "Ndiri kurota zvakanyanya! Handizivi kuti ndiri kudaro nei?" Uye ndakatarisa, zvino iye akanga akarara parutivi pangu.

Uye ndakamuka kubva pamutsago wangu, kuda sezvamakamboita vamwe venyu, ndokuzembera musoro wangu pa—pachitsigiro chomubhedha chokumusoro Ndakatsamira maoko angu, uye ndakanga ndakavatapo seizvi. Uye ndakati, "Zvakanaka, handizivi kuti zvinenge zvakadii hupenyu huno hwapera. Ndava namakore makumi mashanu, uye handina chandati ndaiita. Dai ndikakwanisa kuitawo chimwe chinhu kubatsira Ishe, ndinoziva kuti handirambi ndiri munhu. Chikamu choupenyu hwangu chakatopfuura, ndingadaro, kana kutopfuura hafu. Kana ndikararama kufanana navanhu vorudzi rwangu, hafu youpenyu hwangu yapfuura." Uye ndakaringaringa. Ndivete ipapo, ndava kuda kumuka. Nguva yakanga yavakuda kusvika sevheni. Ndikati, "Ndinovimba kuti ndichaenda kuchechi mangwanani ano. Kana ndakashoshoma, ndingada kunzwa Hama Neville vachiparidza."

Saka ndakati, “Wamuka here, mudiwa?” Zvino iye akanga akakotsira zvokusambondinzwa.

Zvino handidi kuti murasikirwe neizvi. Zvakandishandura. Handigoni kuva Hama Branham yandaiva.

Uye ndakatarisa. Zvino ndakanzwa Chimwe chinhu, chichiramba chichiti, “Uchiri kungotanga. Shinga pahondo. Ramba wakashingirira.”

Ndakazunguza musoro wangu kwechinguva. Ndikafunga kuti, “Zvakanaka, pamwe ndini ndiri kungofunga izvi.” Munozviziva, kuti munhu anogona kungofunga. Uye ndakati, “Zvichida ndini ndangofungavo izvi.”

Chikati, “Shinga pahondo. Ramba uchienda. Ramba uchienda.”

Ndikati, “Zvichida ndini ndazvitauro.” Uye ndakaruma miromo yangu, ndokuisa ruoko rwangu pamuromo.

Uye Zvakauya zvakare, ndokuti, “Ramba wakashingirira chete. Dai waiziva zviru kumagumo enzira!”

Uye ndakaita sendainzwa Graham Snelling, kana mumwe, aiimba rwuyo ruya sezvizvi. Vanorwuimba pano, Anna Mae uye imi mose.

Ndiri kurwara nechishuvo chokuona
Jesu.

Ndinoda kunzwa kurira kwemabhero
anotapira edenga.

Zvichavhenekera nzira yangu
nokubvisa kutya kwose.

Ishe ndionesei seri kwechidzoro
chenguva.

Makarunzwa ruchiimbwa pano pachechi.

Uye ndakanzwa Chimwe chinhu chichiti, “Unoda here kuona zvinotevera rufu?”

Ndikati, “Zvingandibatsira chaizvo.”

Uye ndakatarisa. Munguva pfupi, nda...Kamwe-kamwe ndakanga ndasvika munzvimbo yakati terenukei. Ndakatarisa shure, ndikaona ndiripo, ndakavata pamubhedha. Zvino ndakati, “Izvi zvinoshamisa.”

Zvino, handidi kuti muzotaura izvi zvakare. Izvi ndezvehechi yangu, kana kuti makwai angu andinofudza. Kana, ndaiva mumutumbi uno kana kuti kwete, kana kwaiva kushandurwa, zvakanga zvisina kufanana nechiratidzo chipi chandakamboona. Ndaigona kutarisa Ikoko, kana kutarisa kuno.

Uye pandakasvika muNzvimbo iyi, handina kumboona vanhu vakawanda kudaro vaiuya vachimhanya, vachidanhidzira kuti, “Hama yedu yakakosha!”

Zvino ndakatarisa. Uye madzimai echidiki, vangangosvika makore makumi maviri, gumi namasere kusvika makumi maviri, vaindimbundira namaoko avo, uye vachidanidzira, “Hama yedu yakakosha!”

Ukuwo kwaiuya vakomana vadiki, vaiva mukupenya kwoujaya. Maziso avo achipenya uye achifanana nenyeredzi usiku hutema. Mazino avo akachena samaparera. Zvino vaidanidzira, nokundimbundira, vachidanidzira vachiti, “Oo-o, hama yedu inokosha.”

Zvino ndakamira, ndikatarisa. Uye ndakanga ndava wechidiki zvakare. Ndakatarisa shure kumutumbi wangu waiva pamubhedha, maoko angu akapetwa seri kwomusoro. Zvino ndakati, “Handizvinzwisisi izvi.”

Zvino madzimai echidiki aya vachindimbundira. Zvino, ndinoziva kuti takasangana muno, uye ndinotaura izvi norunako rwose uye nokunyorova kwoMweya. Murume

haakwanisi kumbundira mudzimai pasina chinoitika; asi Zvakanga zvisiko. Kwanga kusina zuro kana mangwana. Vakanga vasinganeti. Vakanga vari...Handina kumboona madzimai akanaka kudaro hupenyu hwangu hwose. Vaiva nevhudzi raisvika muchiuo; namasiketi aisvika kutsoka. Uye vakanga vachindimbundira. Vakanga vasingandimbundiri zvingaitwa nehanzvadzi yangu chaiyo, akagara apo uyo, kundimbundira kwaangaita. Vakanga vasinganditsvode, ndakanga ndisingavatsvode. Chaiva chimwe chinhu chokuti ha—handina ma—mashoko, handina manzwi okuzvitsanangura nawo. “Mandorokwati” hari kwanisi kuzvitsanangura. “Zvakaisvonakisa” hari kwanisi kuzvitsanangura, napaduku pose. Chaiva chimwe chunhu chandisina kumbo...Zvinongoda kuti uveKo.

Uye ndakatarisa divi *iri*, uye nedivi *iro*. Uye vairamba vachiuya, zvuru nezvuru. Zvino ndakati, “Handizvinzwisisi izvi.” Ndikati, “Zvakanaka, vacha...”

Uye Hope akabva auyavo. Ndiye mudzimai wangu wokutanga. Akamhanya, uye haana kuti, “Murume wangu.” Akati, “Hama yangu yakakosha,” paakandimbundira. Pakanga paine mumwe mukadzi ipapo, akandimbundira, Zvino Hope akambundirawo mukadzi uyu; uye vakambundirana. Zvino ndakafunga kuti, “Oo-o, izvi zvitsva. Hazvisi...Pane chiri...” Ndakafunga kuti, “Oo-o, ndingada here kudzokera zvakare kumutumbi uya?”

Ndakaringaringa nguva iyoyo. Ndaifunga kuti, “Chiiko ichi?” Uye ndakatarisisa, chaizvo. Uye nda—ndakati, “Ha—handinzwisisi izvi.” Asi Hope aiita oh somweni, anoremekedzwa. Akanga asina kusiyana navamwe, asi kungoita somweni anoremekedzwa.

Uye ndakanzwa iNzwi rakataura neni, rakanga riri mumba, rakati, “Ndizvo zvawakaparidza zvoMweya Mutsvene. Ndirwo Rudo rwakakwana. Uye hakuna chinopinda Kuno chisinaRwo.”

Ndava nokushinga, kunodarika kwandakambova nako muupenyu hwangu, kuti zvinitora Rudo rwakakwana, kupinda Ikoko. Kwakanga kusina godo. Kwakanga kusina kuneta. Kwakanga kusina rufu. Urwerwe hahuko, Ikoko. Kuva munhu; ha—hakukuiti kuti uchembere. Uye va... Vakanga vasingachemi. Waingova mufaro.

“Oo-o, hama yangu yakakosha!” Zvino vakandisimudza, uye vakandigadzika panzvimbo huru yakakwirira.

Ndakafunga kuti, “Handisi kurota. Ndiri kutarisa shure ku—mutumbi wangu wakarara pamubhedha.”

Zvino vakandigadzika pamusoro ipapo. Zvino ndakati, “Oo-o, handifaniri kugara pamusoro pano.”

Zvino kwakauya vakadzi navarume, kubva mativi ose, vari mukuzara kwohuduku hwemajaya nemhandara, vachidanidzira. Uye mumwe mukadzi wakanga akamira ipapo, zvino akadanidzira kuti, “Oo-o, hama yangu yakakosha! Oo-o, tinofara kukuonai Kuno.”

Ndakati, “Handizvinzwisisi izvi.”

Uye zvino Inzwi riya rakanga richitaura, kubva pamusoro pangu, rakati, “Unoziva, zvakanyorwa muBhaibheri, kuti, ‘Vaprofita vakasonganiswa navanhu vavo.’”

Zvino ndakati, “Hongu. Ndinorangarira kuti zviri muMagwaro.”

Akati, “Zvakanaka, iyi ndiyo nguva yauchasonganiswa navanhu vako.”

Ndikati, “Zvino vanenge vari vanhu chaivo, uye ndinokwanisa kuvabata.”

“Oo-o, hongu.”

Ndikati, “Asi, pane mamirioni. VanaBranham havana kuwanda kudaro.”

Zvino Inzwi riya rakati, “Havazi vanhu vokwaBranham. Ava vanhu vawakatendeutsa. Ndivo vawakatungamirira kuna Ishe.” Uye rikati, “Vamwe vakadzi, vaunofunga kuti vakanaka chaizvo, vakanga vava namakore makumi mapfumbamwe pawakavatungamirira kuna Ishe. Ndicho chikonzero vachidanidzira kuti, ‘Hama yedu inokosha!’”

Uye vakadanidzira, vose pamwe chete, vachiti, “Dai usina kuenda, tingadai tisiri Kuno.”

Ndakaringaringa. Ndikafunga kuti, “Zvakanaka, handizvinzwisisi izvi.”

Ndikati, “Oo-o, Ko Jesu ari kupi? Ndinoda kuMuona, Zvakanyanyisa.”

Vakati, “Zvino, aRi pamusoro zvishoma, kumusoro uko.” Vakati, “Rimwe zuva achauya kwauri. Maona?” Vakati, “Wakatumwa, kuva mutungamiriri. Uye Mwari achauya. Uye kana Auya, Achakutonga maererano nezvawakavadzidzisa, kutanga, kuti vapinde kana kuti kwete. Tichapinda maererano nezvawakatidzidzisa.”

Ndikati, “Oo-o, ndinofara. Zvino, Pauro, achamiravo seizvi here? Ko Petro achamiravo seizvi here?”

“Hongu.”

Ndakati, “Zvino ndakaparidza Shoko rose ravakaparidza. Handina kumbobva paRiri, kurudyi kana kuruboshwe. Pavaibhabhatidza muZita raJesu Kristu, ndakaitawo izvozvo. Pavakadzidzisa kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, ndakaitawo saizvozvo. Chose chavakadzidzisa, ndakaitawo saizvozvo.”

Zvino vanhu ivava vakadanidzira, vachiti, “Tinozviziva. Uye tinoziva kuti tichaenda newe, rimwe zuva, kunyika.” Vakati, “Jesu achauya, uye uchatongwa maererano neShoko rawakatiparidzira. Uye kana

ukagamuchirwa panguva iyoyo, zvakare uchagamuchirwa,” uye vakati, “zvino uchatiisa kwaAri, sekورونا dzeshumiro yako.” Vakati, “Uchatitungamirira kwaAri, uye, tose pamwe chete, tichaenda kunyika, kundogara nokusingaperi.”

Ndikati, “ Saka ndava kuchifanira kuti ndichidzokera here?”

“Hongu. Asi ramba wakashingirira.”

Ndakatarisa. Uye ndakaona vanhu, kusvika kwaisvikavo meso angu, vachiuya vachida kundimbundira, vachidanidzira, “Hama yedu yakakosha!”

Pakare ipapo pane Inzwi rakati, “Zvose zvawakada, navose vakakuda, Mwari akakupa kuti vave Kuno.” Zvino ndakatarisa. Zvino ndakaona imbwa yangu ichiuya, ichifamba. Ndokubva bhiza rangu rauyavo, uye rakaisa musoro waro pamafudzi angu, rikandifemhedza. Inzwi ndokuti, “Zvose zvawakada, uye vose vakakuda, Mwari akakupa mumawoko ako, kubudikidza neshumiro yako.”

Uye ndakanzwa kuti ndava kubva kunzvimbo yakanaka iyi.

Zvino ndakararinganga. Ndikati, “Wamuka here, mudiwa?” Akanga achakakotsira.

Zvino ndakafunga kuti, “Oo Mwari! Oo-o, ndibatsirei, Oo Mwari. Musandirega ndichirerutsa paShoko rimwe zvaro. Regai ndigare paShoko iri, uye ndiRiparidze. Handina mhosva kuti chii chinoitika, kuti mumwe munhu anoitei; kuti vana Sauro vana vaKishi vangani, vangasimuka, kuti zvingani izvi, izvo, nezvozvo. Regai, Ishe, nditsungirire kusvika Ikoko.” Kutya kwose rufu. . .

Ndinotaura izvi, Bhaiberi rangu riri pamberi pangu, mangwanani ano. Ndine mukomana mudiki apo, ana makore mana, wokurera. Ndine musikana ana makore

mapfumbamwe; uye mumwe ayaruka, ndinotenda nokuda kwake nokuti akatora nzira yaIshe. Mwari, regai ndirarame, kuti ndivakudze mukutya Mwari.

Pamusoro pazvo, nyika yose inondidaidza, vana makore makumi mapfumbamwe vakadzi navarume, uye navamwe vakadaro. “Dai usina kuenda nenzira yawakaenda, tingadai tisiri Kuno.”

Uye, Mwari, regai nditsungirire mukurwa hondo. Asi kana yasvika nguva yokufa, Handicha...Unenge uri mufaro, kunenge kuri kuropafadzwa, kupinda, ndichibva mukuora kuno nokunyadziswa.

Dai ndaikwanisa kugadzira, ikoko, bhokisi rakakura; mamaira zana amabhirioni, roRudo rwakakwana, danho roga-roga kuuya kuno, runotapudzwa, kusvika tasvika pano patiri iko zvino. Unenge wangova mumvuri wezvinoora, pangosara chimwe chinhu chidiki chinotiita kuti tinzwe nokuziva kuti pane chiriko kune imwe nzvimbo. Hatizivi zvaZviri.

Oo-o, hama dzangu dzinodikanwa, vadikanwa, vadikanwa vangu muEvhangeri, vana vandakabereka kuna Mwari, nditererei, mufudzi wenyu. Imi, ndinoshuva kuti dai paiva nenzira yokuzvitsanangura kwamuri. Hapana manzwi; handikwanisi kuawana; hakuna kwaangawanikwa kupi zvako. Asi shure kwohupenyu huno, ndiko kune zvinokosha zvawa...Hapana nzira yokuzvitsanangura nayo. Hapana nzira zvachose. Handikwanisi kuzviita. Asi hazvinei kuti waitei, shamwari, isa parutivi zvimwe zvose kusvikira wawana Rudo rwakakwana. Svika panzvimbo yokuti unokwanisa kuda munhu wose, muvengi wose, nezvimwe zvose.

Kuenda kwandakaita kamwe ikako Ikoko, ini, zvakandiita mumwe munhu. Handigoni chose, chose, chose kuva Hama Branham vamwechetevo sezvandaive.

Kunyangwe ndege dzichipeperetswa, kunyangwe mheni dzichipenya; kunyangwe tsori ikaisa pfuti pandiri. Kunyangwe chiri chii, hazvina mhosva. Ndichatsungirira kurwa hondo, nenyasha dzaMwari. Nokuti, ndakaparidza Evhangeri kuzvisikwa zvose nokumunhu wose wandaikwanisa, ndichivanyengetedza kuti vapinde kuNyika yakanaka iyoyo.

Zvingaita sezvakaoma. Zvingatora simba rakawanda. Handizivi kuti kwasara nguva yakadini. Hatizivi izvozvo, tichitaura savanhu. Pa...Pandakanovhenekwa naChiremba rimwe nguva yapfuura, akati, “Uchiina makore makumi maviri namashanu uchishanda zvakaoma, noupenyu hwakanaka. Wakasimba.” Zvakandibetsera chaizvo. Asi, o-o, handizvo chaizvo. Hazvisi izvo. Asi ndechimwe chinhu chiri mukati *umu*. Kuora uku kunofanira kufuka kusaora. Kufa kunofanira kufuka kusafa.

Vanakomana vaKishi vangasimuka. Ndi...Zvinhu zvose zvakanaka zvavanoita, handina chakaipa chokutaura pamusoro pazvo, kupa varombo navanobatsira vanoshaiwa. Uye rangarirai, kuti sei, Samueri akaudza Sauro, “Uchaprofitawo.” Uye vazhinji vavanhu ava vanhu vakuru, vaparidzi vanembiri, vanokwanisa kuparidza Shoko seNgirozi huru. Asi zvakadaro hazvo kwakanga kusiri kuda kwaMwari. Mwari ndiye aifanira kuva Mambo wavo. Hama, hanzvadzi, rega Mweya Mutsvene ukutungamirire.

Ngatikotamisei misoro yedu kwakanguva.

Ndiri kurwara nechishuwo chokuona
Jesu.

Ndinoda kunzwa kurira kwamabhero
anotapira edenga.

Zvichavhenekera nzira yangu
nokubvisa kutya kwose.

Ishe, ndionesei seri kwechidzitiro
chekusuwa nekutya.

“Ishe, regai nditarise seri kwechidzitiro
chekusurukirwa nekutya”
Regai nditarise nhivi dzinopenya.
Zvichasimbisa kutenda kwedu
nokubvisa kutya kwedu:
Ishe, ndiwonesei seri kwechidzitiro
chenguva.

Ndine chokwadi, Ishe, kuti kana chechi ino diki, mangwanani ano, ikangoona zviru seri kworufu! Kusina kutambudzwa pakati pavo; hakugoni kuvako. Kusina urwere; asi kukwana bedzi. Uye hapana rwendo kubva kuno kuenda Ikoko, kubva mukuchembera kudzoka muhudiki, kubva munguva kupinda Muzienda- nakuenda; mukuremerwa kwamangwana, uye kusuwa kwanezuro, kuti uve Muzienda -nakuenda rokukwaniswa.

Ndinonamata, Mwari, kuti Muropafadze munhu wose ari muno, kana varipo pano, Ishe, vasingaKuzivei nenzira iyi yoRudo. Uye chokwadi, Baba, hapana chinogona kupinda kuNzvimbo tsvene iyi chisina Rudo urwu, kuBerekwa patsva, kuberekwa patsva. Mweya Mutsvene, Mwari, Rudo, uye tinoziva kuti izvi ichokwadi. Kunyangwe tikafambisa makomo nokutenda, tikaita zvinhu zvikuru, asi, tisina iZvi, Ndizvo zvinotibvisa pahanyin’a yezvinhu zvenyika. ndinonamata, Baba, kuti muropafadze vanhu vari muno.

Uye dai, zvaita kuti, kumunhu wose andinzwa, mangwanani ano, ndichitaura Chokwadi ichi, Mava chapupu changu, Ishe, saSamueri wakare akati, “Ndakambotaura here chinhu muZita reNyu chakanga chisiri chokwadi?” Ndivo vanotonga. Uye ndinovaudza iko zvino, Ishe, kuti Makandipinza kuNyika iyoyo. Uye munoziva kuti ichokwadi.

Uye zvino, Baba, kana varipo vamwe vasingaKuzivei, dai ino yava nguva yavanoti, “Ishe, isai mandiri chido chokuita kuda kweNyu.” Zviitei, Baba.

Iko zvino, imi, misoro yenyu yakakotamiswa, mungasimudza maoko enyu here, muchiti, “Ndinamatirei, Hama Branham; Kuda kwaMwari kuve mandiri.” [Hama Branham vanombomira zvisihoma—Mupepeti.]

Zvino uri pauri ipapo, chinyararire, wadii kungoti kuna Baba, “Mwari, mumwoyo mangu, nhasi, ndinoramba zvinhu zvose zvenyika. Ndinoramba zvose, kuti ndiKudei nokuKushumirai, muGwaro rose riri muBhaibheri reNyu”? Kana wanga usati wabhabhatidzwa murubhabhatidzo rwechiKristu, “Ndichazviita Ishe.”

“Kana ndanga ndisati ndagamuchira Mweya mutsvene...” Unozoziva kana waMugamuchira. Unokupa. Unokupa kugutsikana noRudo rwaunofanira kuva narwo. Oo-o, ungadai wakaita zvimwe, ukava namanyawi, kufanana nokuti ungadai wakadaidzira nokutaura nendimi, zvinova zvakanaka. Asi kana Rudo rwaMwari urwu rwusimo, nditendei iko zvino, iti, “Ishe, isai mukati momwoyo wangu, nomuhana mangu, kushanyira kwoMweya weNyu, kuti ndikwanise kuda nokukudza, uye kuti ndive noRudo rwaMwari urwu mumwoyo mangu, nhasi, ruchandisvitsa kuNyika iyoyo kana mweya wokupedzisira wabuda mandiri,” tiri kunamata. Iwe namata, pachako, zvino. Nenzira yako, namata, kumbira Mwari kuti akuitire izvi.

Ndinokudai. Ndinokudai. Imi varume vanokosha vachena misoro vakagara apa, vakashanda nesimba mukapa kudya kuvana! Imi vana amai, vanoshaiwa, makapukuta misodzi pamaziso avo! Regai ndikuudzei izvi, hanzvadzi, mudikanwi, hazvina kudaro shure kwoupenyu huno uko. Ndinokutenda kuti zviRi mumba ino. Chinongova chimwe chinhanho chatinopinda machiri. Iko zvino tinorarama mukuora.

“Asi idai mandiri, Ishe, kuda kweNyu kwakafanira.” Namata, tiri kunamata pamwe chete.

Nokuremekedza, Ishe, panheyo yeShoko reNyu noMweya weNyu Mutsvene, tinofara kuti tinoziva kuti takaberekwa nani. Tinofara kuti “takaberekwa kwete nokuda kwomunhu, kana nokuda kwenyama, asi nokuda kwaMwari.”

Uye tinonamata, nhasi, Baba, kuti kuna avo zvino vari kukumbira kuregererwa, kuti Mweya weNyu uchaita basa, Ishe. Hapana nzira kwandiri yokuti ndizviite; ndingori munhu, mumwezve mwanakomana waKishi. Asi tinoda iMi, Mweya Mutsvene.

Mwari, itai kuti ndive saSamueri, uyo anotaura Chokwadi cheShoko. Uye iMi makaRisimbisa, kusvika zvino, uye ndinotenda kuti Mucharamba muchidaro, kana ini ndichiramba ndakatendeka kwaMuri.

Dai vose zvino vagamuchira Hupenyu Husingaperi, Baba. Dai zuva ranhasi rikasavasiya. Panguva yavachabva mune ino nyika, dai izvi, zvandabva kutaura kwavari, zvazarurwa kuti ndizvo. Uye takagara pano, vanhu vanofa, nhasi, tichitarira wachi dzedu, tichifunga kudya kwedu kwamasikati, basa redu ramangwana, nezvinhu zvatinfanira kuita nokushanda muupenyu, hazvizovi saizvozvo Zvino. Zvichapfuura zvose. Kunenge kusina zvokubatikana nazvo; unenge uri mufaro mumwe chete noKusingaperi. Vapei Upenyu hwakadai, Baba, mumwe nomumwe wavo. Uye dai...

Ndinokukumbirai izvi, Baba, kuti munhu wose ari muno mangwanani ano, andinzwa ndichitaura chiratidzo ichi, dai ndasangana nomumwe nomumwe wavo ikoko; kunyangwe vangava varume vanopesana neni navakadziwo. Asi, Baba, musarega izvi zvichimira munzira yedu. Dai tikasangana navo Ikoko, vamhanyewo, zvakare, uye tombundirana, tichiti, “Hama yangu inodikanwa.” ngazvive sezvandakaraidzwa Ikoko, Ishe, kuna vose, vose vandinoda, navose vanondida. Ndinonamata kuti zvive saizvozvo, Ishe.

Uye ndinovada vose. Regai vaveko, Baba. Ndinovapa Upenyu Husingaperi iko zvino. Ngavaite chikamu chavo, kuUgamuchira. Nokuti ndinokumbira muZita raJesu. Ameni. [Hama Branham vanomira zvisshoma—Mupepeti.]

Tine nguva shomanana, yokunamatira vanorwara. Ndinooona tine, musikana mudiki pano, uye mukadzi ari muchigaro.

Zvino, kuhama dzangu dzinokosha, nehanzvadzi, ndapota musashaya kundinzwisisa. Ha—handizivi kuti chii chakaitika. Handizivi kuti chii chakaitika. Asi, Mwari, kana ndava kufa, regai ndidzokere Ikoko. Regai ndiende kuNzvimbo iyoyo, ndiko kwandinoda kuva, kwairi ikoko. Handisi kuedza kutevedzera Pauro akapinzwa mudenga retatu. Handisi kutaura izvozvo. Ndinotenda kuti akanga achingoedza kundikurudzira, kundipa chinhu chokuti ndikwanise kutsungirira, mushumiro yangu itsva iri kutevera.

(Zvakatorwa mubhuku *Mambo Akarambwa*, May 15, 1960)

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

SHONA

©2002 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org